To know more and to find the consulting center(midwife clinic)
wey dey near where you dey live go to this
site:regione.tojscana.it/contraccezione-gratuita
for many languages go to :  https://icare.sanita.toscana.it/it/


Progetto co-finanziato dall'Unione Europea

Regione Toscana


MINISTERO
DELL'INTERNO

FONDO ASILO, MIGRAZIONE E INTEGRAZIONE (FAMI) 2014-2020

Obiettivo Specifico 1. Asilo – Obiettivo Nazionale 1. Accoglienza/Asilo - lett. C - Potenziamento del sistema di 1° e 2° accoglienza-Tutela della salute-PROG-2103 "SPRINT2



# FREE MEDICINE
## TO AVOID BELLA



For tuscany pills na free of charge to help make person decide well well and e go know hoe to protect hin selffor hin sexual life for old and young ones, e go still reduce make person no carry disese wey dem dey get from sex and to no get belle when person no want.

## Who get right to collect am

The pills na free of charge for people wey registar and den get sanitry card(tessera sanitario) people wey get resident or wey just dey live inside tuscany, enev the ones wey get only STP( card for people wey just enter the county new) wey belong to this particular group of people :

- Young people from 14 years old to 25 years old ;
- Older people wey be from age 26 to 45 years old wey dem get the code not to pay E02 - E90 - E91 - E92 - E93 - X01;
- Women from 26 years old to 45 years old, before 1 year when den born pikin o before 2 years wey dem comot belle.

Na also for young peolpe wey never pass 25 years old wey dey go university for Fiorence(Firenze),Pisa, Siena and even the university wey dey for Siena wey be for people from anoda kontry, wey dem get card to show say dem be university student-studente for tuscany.

## How to ask for free pills

If your age na between 14 and 24 years old, go to the consulting center (midwife clinic) for young people. But if your age na between 25 and 45 years old then you go to consulting center (midwife clinic)

You go enter directly mean say you fit go without paper fron doctor, just show the workers there the paper wey say you fit collect pills free of charge (sanitry card (tessera sanitaria) for peolpe wey get residence or wey dey live for tuscany o who get studente card o STP,certificat wey show say dem no supose pay , certificat wey dem take dischare the person fronm hospital).

To know more on how you go take enter consulting center (midwife clinic)and to find the one wey near where you dey live go to this site:

*regione.toscana.it/contraccezione-gratuita or for other language go to : https://icare.sanita.toscana.it/it/*

## Which of the pills dey for free

E get many types of protection this days depend on wetin person want ,but the best of all of them no dey exist. The choice na wetin person like and wetin e want, mainly how your body dey (heath wise) the workers wey dey for consulting center where you go dem go help you make choice wey dey better for you.

The free protection wey dey na:

•.Tablet pills
• body plaster
• vagina ring
• protection inside (protection rope)
• protection inside skin
• condom

## How to ask for emegency protection o“after a day pills”

After you have sex and you no use protection or you no protect yuorself well and you dey fear say you fit carry belle wey you no want e dey possible to take the emergency protection or ”after a day pills”. E no dey important make you take any medicine immedietly you have sex wey you no use protection e better say you take before 24 hours or 72 hours or atleast before e go reach 120 hours .
Medicine for emergency protection na still free of charge for the same reason wey dey for the list up .
You fit go to any consulting center wey near you ,for the days wey the doctor go dey so that e go decide which one and give you.
The days wey the center no dey open you fit go to emegency ward and dem go give you the medcine.

After a day pills no be the system for protection.